



Lavwa Transpòtasyon

Ogmante itilizasyon koridò tren yo pou deplase moun ak machandiz

Otòn 2009

YON FLÈ KI RIVE TRANSFÒME YON VIL

Sak tap di ke 113 ane moun fè ap wwayaje nan tren nan Miami te koumanse ak yon flè zoranj. Julia Tuttle, yon pwodikè fwi lokal ke nou konen sou non "Manman Miami", te gen yon vizyon pou Miami, ki te rele Peyi Biscayne Bay nan epòk sa-a. Apre plizyè eseyaj, Ms. Tuttle rive konvenk Henry Flagler pou li etann chemen tren li-a sòti nan West Palm Beach pou rive Miami lè li voye yon flè zoranj ba li nan mitan peryòd refwadisman klima nan Eta a ki rele peryòd "big freeze" la, pou montre li ke nan Miami yo fè bon jan rekòlt malgre refwadisman an. Plan an te byen travay epi yon kontra vin fèt ant Henry Flagler, Julia Tuttle, ak William Brickell ki deklare ke Mr. Flagler va konstwi wout tren Florida East Coast (FEC) la epi Ms. Tuttle ak Mr. Brickell va bay teren pou wout la konstwi. Premye tren an rive jou 13 avril 1896 ak Mr. Flagler abò.

Konkou pou FEC a te rive an 1925 pa liy bato Seaboard. An 1931, sèlman 18 an apre lanmò Flagler, chemendfè FEC a deklare fayit, men li kontinye avèk yon sèvis redwi jiska 1963. Sèvis pasaje entè-lben yo kontinye pou atenn somè li nan lèzane 1940 ak plizyè itinerè ki fè koneksyon ant Miami ak rejyon Midwès e Nòdès yo. Sèvis sila yo kontinye jiska 1971

lè AMTRAK pran kontwol chemendfè a epi kite Silver Star kòm sèl pakou tren ki rete.

Pandansetan, pandanke vil la ap transfòme, yo kreye yon sistèm tranmwe nan lèzane 1920 ak sèvis ki etann de Coral Gables a Miami rive Miami Beach. Epòk tranmwe la pat dire lontan; tout sèvis yo kanpe nan lèzane 1940. Finalman, yon nouvo epòk chemendfè modèn koumanse lè sistèm tren aktyèl nou an te ouvè an 1984 avèk laplika pakou li yo olon ansyen koridò chemendfè FEC a. Tri-Rail toutswit apre, an 1989, entwodwi sèvis rejyonal pou moun ki fè navèt nan Sid Florid.

Yon ide ki koumanse an 1895 ak yon flè, kontribye nan kreye sèvis transpòtasyon, wout, otèl, lekòl, ak lopital. Yon vil ki rele "Peyi Biscayne Bay" vin pot non "Vil Majik". Se yon trajè ki koumanse depi lontan, men Miami-Dade ap travay sou rèv fondatè nou yo pou kreye yon sistèm chemendfè pasaje avèk siksè nan Sid Florid. Jodiya, gen divès etid kap revize meyè fason pou itilize koridò ray ki la deja yo pou bay pasaje yo sèvis.

Konte Miami-Dade sòt lwen e li enpòtan pou aprann de pase nou, si pou nou konprann potansyèl sèvis tren ak kouman mwayen transpò sa a ka yon eleman enpòtan nan bezwen transpò nou.

ÈSKE W KONNEN?

☞ An 1513, Juan Ponce de León te premye Ewopeyen ki wè zòn Miami an pandan li te sou yon bato avwal ki tap rantre nan Biscayne Bay. Li ekri nan jounal li pou di ke li atenn Chequescha, ki se premye non Miami ki dokimante.

☞ Nan koumansman ane 1900 yo, yon ekip konstriksyon konpoze de 4,000 moun konstwi FEC a pou rive Key West. Pandansetan, 5 siklòn te frappe yo.

☞ Pou devlope zòn ozalantou Estasyon Chemendfè Miami an, Flagler drage yon kannal, fè wout, kreye premye sistèm dlo ak elektrisite, epi finanse premye jounal vil la 'Metropolis'.

☞ An 1896 sitwayen yo decide onore nonm sa a ki responsab devlopman vil la. Yo rele vil la "Flagler". Li refize onè a epi pèswade yo konsève ansyen non endyen vil la, "Miami".

☞ Wout 29 kilomèt US-1 ki sòt Florida City rive Key Largo a chita sou sit ansyen koridò tren FEC a.



Tan Pase:
Estasyon Tren FEC Miami



Tan Prezan:
Estasyon Metrorail nan
Government Center

ANEDAN EGZANPLÈ SA-A:

ETID SFECC	2
WOUT LUDLAM TRAIL	2
TREN A GRWO VITÈS	2-3
ETID KORIDÒ CSX	3
ETID RAY US-27	3
KALADRIYE REYINYON	4

KORIDÒ KOTÈS SID FLORID

Etid Analiz Transpò Piblik Koridò Kotès Sid Florid (sig Angle SFCEC) ap devlope yon plan global pou entegre transpò pasaje ak transpò machandiz nan koridò Chemendfè FEC ki la deja a. Etid la enkli Konte Miami-Dade, Broward, ak Palm Beach, kap pwolonje sòti anba lavil Miami rive Vil Jupiter. Patnè yo nan etid la enkli twa MPO yo, twa ajans transpò piblik konte yo, Tri-Rail, ak Depatman Transpò (DOT) Florid.

Vwayaje olon pati oryantal twa konte yo vin deplizanpli difisil tanke vil yo ap devlope e sikilasyon kontinye ap ogmante. Bezwen pou transpò machandiz sou chemendfè ki la deja a pou rive nan ayewopò yo ak pò maritim yo nan zòn lan se yon bezwen ki kontinye ap ogmante tou. Pa konsekans, yap chèche yon solisyon rejyonal pou aleje konjesyon sou wout la pandan ke yap asire mounman machandiz nesèsè kap

rantrè ak sòti nan Sidès Florid.

Sèvis nan koridò a ap bay koneksyon a transpò tranzit ki la deja yo ak sa ki pwopoze yo, twa ayewopò entènasyonal yo, twa pò maritim yo, osibyenke plizyè lopital, 28 sant iben, inivèsite ak dè lòt posibilite anplwa. Pami altènativ ki an konsiderasyon yo enkli bis transpò rapid (BRT), Metrorail, tren navèt, ak tren ray leje.

Etid la ap chèche asire ke kwasans transpò machandiz kap rantrè ak sòti nan pò maritim yo ak nan ayewopò ki akote ray FEC a pa afekte si yo pataje ray sila yo ak tren pasaje yo. Pataj sila te reyalize ak siksè nan anpil lòt zòn nan peyi a.

Atelye piblik pou rezidan yo vin bay dizon yo ap fèt pandan tout ane 2009 la, epi etid la ap konplete an prentan 2010. Pou aprann plis sou etid sa a, ale sou www.sfecstudy.com.

WOUT LUDLAM TRAIL LA

Yap etidye Koridò Kotès Florid (FEC) ki la deja a sòti Estasyon Metrorail Dadeland North rive NW 12èm Street toupre Ayewopò Entènasyonal Miami (gade sou kat jeyografi a) kòm fiti "Ludlam Trail".

Yo abandone ray koridò sid 8 kilomèt la, epi yo retire ray tren yo sòti SW 12th Street rive estasyon Metrorail. Koridò nò 2,4 kilomèt la rete nan izaj endistriyèl limite, epi yap evalye yo kòm pati yon sistèm ray-ak-tren. Nan laplipa rejyon yo, koridò a mezire 100 pye de lajè.

Koridò a relye pliske 34,000 moun nan yon zòn sèvis pyeton 0,8 kilomèt, ladan yo prèske 18 pousan anba laj 18 an epi prèske 20 pousan depase laj 65 an. Li relye tou:

- Senk santye miltivalan lès-

lwès ki enkli M-Path la, ki sòti Florida City rive anba lavil Miami.

- Senk lekòl leta ki enkli South Miami Elementary, Middle, ak High School.
- Kat pak lokal ak konte ki enkli A.D. "Doug" Barnes ak Robert King High Parks.
- De sant tranpò piblik ki enkli Estasyon Metrorail Dadeland North.
- Twa sant anplwa ki enkli zòn sant komèsyal Dadeland Mall la.

Konektivite santye va bay vwayajè yo plis chwa nan mwayen transpò, diminye polisyon nan lèzè, blokis sou wout yo, ak depandans sou otomobil.

Pou aprann plis sou pwogrè "Trail" la ale sou www.ludlamtrail.com.



TREN A GWO VITÈ
 Imagine yon tren ki atenn yon vitès de 290 kilomèt (HSR) nan Florid pou tante jwenn finansman nan Ameriken 2009 la. FDOT ap pwopoze konstwi yon tren yo jwenn finansman, segman Tampa-Orlando. Koridò ray aktyèl yo nan Konte Miami-Dade.



ETID ANALIZ KORIDÒ CSX



Etid Evalyasyon Koridò CSX la se yon analiz siplimantè nan Etid “Kendall Link” ki te konplete an 2007 la. Etid “Kendall Link” la bay divès rekòmasyon ki enkli pwopozisyon yon liy transit ray leje ki sèvi ak gazòy ki pou pase sou yon pati liy CSX nan zòn Kendall la ki va fonksyone ansanm sou menm vwa sèvis pou transpò machandiz yo. Asanble Gouvènman MPO pat adopte rekòmasyon etid la te fè yo, men li dirije anplwaye yo pito pou analize dè opsyon transpò altènatif olon koridò CSX la.

Yon kestyon prensipal ke Etid Koridò CSX la ap fè fas se kouman pou regle pwoblèm sèvis transpò machandiz ki aktyèlman sou liy ray CSX la. Pou rezoud pwoblèm sa a, yo pwopoze yon nouvo lyen koridò ray pou tran-

spòte machandiz ant “CSX General Portland Spur” ak “CSX Leigh Spur” (gade sou kat la) kòm yon vwa kontounman pou zòn Kendall la. Avèk sèvis tranpò machandiz kap evantyèlman re-dijirije vè lwès la, ekip etid la egzamine divès konsèp bis transpò rapid (BRT) ak estalasyon rekreyativ.

Ekip etid la fè dè reyinyon piblik pou bay enfòmasyon ak tandè opinyon piblik la sou konsèp etid la yo. Yo te resevwa tou opinyon yon Komite Konsiltatif Etid multi-ajans ki konpoze dè ajans pati prenan.

Rezilta etid la yo va ede devlope yon estrateji transpò rapid pou zòn Kendall la nan Konte Miami-Dade. Rapò final la ap disponib sou sitwèb MPO a www.miamidade.gov/mpo.

NOUVO ETID RAY US-27

Pandan sesyon lejislativ 2008 la, Lidè yo nan Florid egzije FDOT fè yon etid de fezabilite pou yon nouvo koridò ray sou koridò US-27 la sòti nò Hialeah rive South Bay, ki va founi yon lyen ray pi dirèk ant Sid Florid ak rezo ray ki nan zòn Lake Okeechobee an. Yo konsidere koneksyon sa a kòm eleman kle nan konektivite transpò, yon pò enteryè ki va founi dè koneksyon pi dirèk a ray vyèj Miami yo. Anplis, kreyasyon nouvo koridò ray sa a gen potansyèl pou redwi konfli ray/wout sou liy FEC ak CSX ki la deja yo nan Sid Florid nan deplase trafik machandiz yo pou fè nan yon zòn ki pi riral.

Faz I etid la va reprezante yon evalyasyon global ak idantifikasyon preliminè dè altènativ epi evalye “fezabilite” baze sou yon analiz ak defo fatal. Faz II a va

rafine evalyasyon dè altènatif atravè yon analiz teknik preliminè. Nan Konte Miami-Dade, gen twa lyen potansyèl a sistèm ray ki la deja a:

1. Koneksyon a chemendfè FEC ki la deja a fini nan nòdwès wout pou chanje ale sou Florida Turnpike la nan US-27/Okeechobee Road.
2. Koneksyon a chemendfè CSX ki la deja a branche nan nò North Kendall Drive ak lwès Krome Aveni.
3. Koneksyon a branchman CSX nan nò Tamiami Trail ak lwès SR-836/Dolphin Expressway apati yon koneksyon ès-lwès pou ale nan nouvo koridò nòsid ki sou Krome Aveni an.

Yap evalye koneksyon sa yo endepandaman epi kòm yon rezo konbine. Rapò yo va disponib pou chak nan de faz yo lè yo fini.

VITÈS NAN FLORID

chèt pa èl Yo devlope yon plan pou tren a gwo vitès nan Lwa Rekiperasyon Ekonomik ak Reyenvestisman sistèm HSR olon koridò Tampa-Orlando-Miami a. Si yo a ka lanse an 2014 epi an 2017 pou Miami-Dade se dè pakou potansyèl pou HRS rantre nan vil la.

KALANDRIYE REYINYON MANSYÈL MPO MIAMI-DADE

	SEPTANM 2009	OKTÒB 2009	NOVANM 2009
MPO	9/24	10/29	11/19
TPC	9/14	10/05	11/09
TPTAC	9/02	10/14	11/04
CTAC	9/23	10/21	11/18
BPAC	9/23	10/21	11/18
TARC	9/02	10/07	11/04
FTAC	Poko Anonse	Poko Anonse	Poko Anonse
LCB	9/15	Pa Gen Reyinyon	Pa Gen Reyinyon

- MPO Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten
- TPC Konsèy Planifikasyon Transpòtasyon
- TPTAC Komite Konsiltativ Teknik sou Planifikasyon Transpòtasyon
- CTAC Komite Konsiltativ Sitwayen pou Transpòtasyon
- BPAC Komite Konsiltativ pou Bisiklèt Pyeton
- TARC Komite Revizyon Estetik pou Transpòtasyon
- FTAC Komite Konsiltativ pou Transpòtasyon Kago
- LCB Asanble Kowòdinasyon Lokal pou Transpò Sitwayen Dezavantaje

Asanble Gouvènans MPO
Dennis C. Moss, Prezandan
Perla Tabares Hantman, Vis Prezandan

Bruno A. Barreiro
Lynda Bell
Matti Herrera Bower
Jose "Pepe" Diaz
Audrey M. Edmonson
Shirley M. Gibson
Carlos A. Gimenez
Maritza Gutierrez
Sally A. Heyman
Barbara J. Jordan
William H. Kerdyk
Joe A. Martinez
Andre D. Pierre
Julio Robaina
Dorrian D. Rolle
Marc D. Sarnoff
Natacha Seijas
Katy Sorenson
Rebeca Sosa
Sen. Javier D. Souto

**Manm Ki Pa Gen Dwa Vote
FDOT Distrik VI**

Gus Pego, P.E., Sekretè
Gary L. Donn, P.E.

Direktè Sekretarya MPO

Jose-Luis Mesa, Ph.D.

